



Yon Gid pou Preparasyon pou Sitiyasyon Ijans pou Pasyan ki nan Dyaliz



Kontribitè yo

Kevin Chason, DO

Direktè

Sistèm Sante Mount Sinai

Jesyon Ijans

Donald Cardone, EMT-P, CIC

Direktè Asosye

Mount Sinai Hospital ak

Lekòl Medsin Icahn

Jesyon Ijans

Maria Palakudiyil, MPH

Kowòdonatè Pwojè

Mount Sinai Hospital,

Jesyon Ijans

Joji Tokita, MD

Pwofesè Asistan

Nefwoloji (Medsin)

Lekòl Medsin Icahn nan Mount Sinai

Betty Duggan

Direktè

NYC Medical Reserve Corps

Biwo pou Preparasyon ak Repons pou Ijans

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York

(NYC Department of Health and Mental

Hygiene)

Wanda I. Medina

Direktris Prensipal Pwogram

Swen Sante ak Popilasyon Frajil yo

Biwo pou Preparasyon ak Repons pou Ijans

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York

Samantha Chik Sum Wu, MS, RD, CSR, CDN

Dyetetisyèn Prensipal

Mount Sinai Hospital

Nancy A. Benedetto, MS, AC

Direktris Egzekitif,

Administrasyon

Regional EMS Council of NYC, Inc.

Jennifer Carley, CHSP

Espesyalis Sekirite

Sekirite nan Travay ak Anviwònmantal

Lenox Hill Hospital

Jacob Neufeld, MPA, ABCP

Direktè Rezistans Antrepriz

Memorial Sloan Kettering Cancer Center

Anna Bennett

Kowòdonatris Edikasyon

Rezo IPRO ESRD nan New York

*Piblikasyon sa a te jwenn sipò Akò Koperasyon Nimewo **NU90TP921922-01** ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) ak/oswa Sekretè Adjwen pou Preparasyon ak Repons. Sa ki ladan se responsablite otè yo sèlman, epi li pa reprezante nesèsman pwendvi ofisyèl Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi ak/oswa Sekretè Adjwen pou Preparasyon ak Repons lan.*

Tabdèmatyè

Enfòmasyon Mwen	1
Mezi Enpòtan Ou Ka Pran Pou Planifye Alavans	3
Braslè ID Medikal	7
Enfòmasyon Ijans sou Telefòn Mobil ou	7
Planifikasyon Ijans ak Evakyasyon	8
Manje ak Nitrisyon	9
MyPlate pou Manje An sante lè ou gen Maladi Kwonik nan Ren	10
Ki Fòmasyon Mwen Bezwen Nan men Sant Mwen an?	12
Yon Gid pou Transpò Pasyan ki nan Dyaliz	14
Resous Preparasyon pou Ijans	16

Enfòmasyon Mwen

Non: _____

Adrès: _____

Nimewo Telefòn: _____ Selilè _____

Adrès Imel: _____

Enfòmasyon pou Kontakte Rezo Sipò Mwen

Non: _____

Relasyon: _____

Nimewo Telefòn: _____

Nimewo Telefòn Selilè: _____

Adrès Imel: _____

Non:

Relasyon: _____

Nimewo Telefòn: _____

Nimewo Telefòn Selilè: _____

Adrès Imel: _____

Enfòmasyon Medikal Mwen

Non Sant Dyaliz Mwen: _____

Adrès: _____

Nimewo Telefòn: _____

Non Pwofesyonèl Swen Sante: _____

Non Sant Dyaliz pou Bakòp: _____

Adrès: _____

Nimewo Telefòn: _____

Asirans Sante: _____

Nimewo ID Manm: _____

Nimewo Gwoup: _____

Medikaman Mwen yo: _____

Nimewo Telefòn Famasi a: _____

Transpò

M Ap Rele (Fanmi/Zanmi): _____

Nimewo Telefòn: _____

Nimewo Telefòn Selilè: _____

Nimewo Sèvis Taksi: _____

Nimewo Access-A-Ride: _____

Nimewo Sèvis Vwati: _____

Mezi Enpòtan Ou Ka Pran Pou Planifye Alavans

Si ou pran tan pou planifye alavans, sa kapab sove lavi ou oswa lavi yon moun pwòch ou! Gid sa a bay enfòmasyon jeneral sou preparasyon pou sitiyasyon ijans pou tout Nouyòkè ak enfòmasyon presi sou preparasyon pou ijans pou Nouyòkè ki nan dyaliz. Si ou nan dyaliz, oswa ou gen yon lòt pwoblèm sante, pale ak doktè ou oswa enfimye(è), nitrisyonis ou ak ekip swen ou anvan ou anvan ou swiv nenpòt nan konsèy yo ki nan dokiman sa a. Founisè swen sante ou ka ba ou machaswiv adapte pou ou espesyalman pou preparasyon pou sitiyasyon ijans.

PREPARASYON KAY

TWOUS IJANS POU KAY OU

Yon twous ijans lakay ou dwe gen ladan:

- ✓ Omwen 1 galon dlo pou bwè pa jou pou chak moun pou 3 jou
- ✓ Manje ki p ap gate
- ✓ Twous premye swen
- ✓ Flach
- ✓ Radyo ki fonksyone ak pil oswa manivèl alamen
- ✓ Siflèt
- ✓ Klowòks oswa konprime yòd
- ✓ Telefòn ki pa bezwen kouran
- ✓ Pwodui pou bèt kay (si sa nesèsè)



<https://www1.nyc.gov/site/em/ready/ready-new-york.page>

PALE DE PREPARASYON AN

Yon ijans se yon evènman grav epi ki rive sanzatann ki ka lakòz moun pran chòk oswa ki ka andomaje kote nou travay ak kote nou viv. Pale sou preparasyon pou yon ijans avèk moun ki abite ansanm ak ou epi pale sou:

- ✓ Fason pou rele pou jwenn èd
- ✓ Kilè pou rele pou jwenn èd
- ✓ Kimoun pou nou rele si nou ta vin separe
- ✓ Kenbe enfòmasyon idantifikasyon pèsònèl yo avèk yo toutan
- ✓ Kijan son pou alam yo ye, kisa yo vle di ak kijan pou reyaji

PLAN DIJANS

- ✓ Chwazi yon zòn toupre lakay ou pou nou rankontre sizoka gen yon ijans. Asire tout moun nan kay la konnen kote sa a, ankontan moun k ap bay swen yo.
- ✓ Si ou gen yon bèt kay, asire yo aksepte bèt kay nan zòn toupre lakay ou kote n ap rankontre a.
- ✓ Enskri nan Notify NYC pou resevwa avètisman pou ijans nan mesaj tèks. Ale sou [nyc.gov](https://www1.nyc.gov/site/em/notify) epi chèche "Notify NYC."

- ✓ Si ou gen timoun, enskri pou nenpòt avètisman ki disponib nan lekòl timoun yo.
- ✓ Konnen ki kote sòti ou yo ye ak ki bò yo mennen.
- ✓ Asire ke tout sòti, koulwa yo ak eskalye yo pa ankonbre. Kenbe planche yo ak koulwa yo san bagay ou ka bite sou yo.
- ✓ Idantifye yon moun ki abite andeyò zòn lokal la ki ka sèvi kòm yon pwèn kontak pou tout fanmi an oswa moun nan kay la.

7 KONSÈY PRENSIPAL DEPATMAN PONPYE VIL NEW YORK (FDNY, New York City Fire Department) POU DIFE

1. Pa janm sèvi ak fil ralonj pou aparèy chofaj, èkondisyone oswa frijidè.
2. Pa janm fimen pandan ou kouche.
3. Rete nan kizin lan pandan ou ap fè manje epi mete rad manch kout oswa sere.
4. Enstale ak fè antretyen detektè lafimen sou chak etaj ak nan chanmakouche yo. Detektè lafimen yo elimine mwatye risk pou ou mouri nan yon dife.
5. Kreye epi fè antrènman yon plan pou chape si gen dife. Pa eseye goumen ak dife a pou kont ou. **Soti deyò epi fèmen pòt la.** Rele 911 apati yon kote ki an sekirite.
6. Konsève alimèt ak brikè kote timoun pa ka rive jwenn yo. Bay timoun yo sipèvizyon san rete.
7. Pa janm kite bouji tou limen san siveyans.

SA POU FÈ AK SA POU PA FÈ NAN ZAFÈ SEKIRITE POU DIFE

SA POU FÈ	SA POU PA FÈ
Rele 911 sizoka gen Dife, Lafimen, Odè Gaz, oswa Ijans Medikal	Piga Jwe ak Alimèt ni Dife
Gen Detektè Lafimen/Detektè Monoksid Kabòn ki Fonksyone	Piga Chaje Priz Kouran yo Twòp
Gen yon Plan pou Chape epi Pratike Plan an	Piga Sèvi Mal ak Fil Kouran Ralonj yo
Konnen Si Ou Abite nan Bilding ki Rezistan oswa ki Pa-Resistan kont Dife	Piga Sèvi ak Fil Elektrik ki Wonyen oswa ki Fann
Fèmen Pòt la Lè ou Chape sot nan Dife a	Piga Kite Bouji tou Limen San Siveyans
Kenbe Kote pou Chape pou Dife yo Lib	Piga Sèvi ak Fedatifis
Konnen Kisa pou Fè si Kò Ou Pran Dife	Piga Kite Manje ap Kwit San Siveyans
Mete Aparèy Chofaj yo nan Omwen Twa Pye Distans ak Bagay ki ka pran dife	Piga Mete Rad Laj Pandan Ou ap Kwit Manje
Fè Respekte yon Zòn ki Entèdi pou Timoun Ozalantou Fou Pandan Ou ap Kwit Manje	Piga sèvi ak Aparèy Chofaj Kewozèn yo oswa Pwopàn yo
Aprann ak Pratike Reyanimasyon Kadyopilmonè (CPR) pou Moun ki pa sekouris ofisyèl	Piga Fimen ni Jete Sigarèt Vaykevay

Sak Tou Pare pou Ijans

Tout moun dwe prepare yon Sak Tou Pare pou Ijans. Yon Sak Tou Pare kapab yon sakado oswa yon ti malèt ki gen wou ki gen ladan atik ou ta bezwen pou kontinye viv pandan twa jou si ou ta oblije kite kay ou.

Pasyan ki nan dyaliz yo dwe ajoute plizyè atik nan sak tou pare pou ijans yo pou ede satisfè bezwen yo nan yon ijans. Sak Tou Pare a dwe gen ladan:

- Kopi devan ak dèyè kat ID ou ak kat asirans ou
- Nimewo telefòn pou ijans pou founisè swen sante ou yo, sant dyaliz ou ak lòt sant dyaliz ki toupre yo
- Medikaman ou pou twa jou omwen ansanm ak yon lis medikaman ou yo, dòz yo ak nenpòt esplikasyon sou fason pou pran yo
- Yon lis tout alèji ou genyen ak ki kalite dyaliz ou resevwa
- Yon dosye chif laboratwa ou yo nan moman an ak enfòmasyon sou tretman
- Si ou gen dyabèt, valè yon semèn founiti (sereng, ensilin, tanpon alkòl, glikomèt ou ak riban reyaktif pou kontwole sik ou)
- Manje ki ase pou twa jou (Gade nan paj 10 pou jwenn plis enfòmasyon)
- Yon twousou anplis kle machin ak kle kay
- Kopi kat kredi ak ATM, ansanm ak lajan kach an ti biyè
- Boutèy dlo ak manje ki p ap gate, tankou granola ba
- Yon flach avèk pil, siflèt ak sizo
- Radyo AM/FM ki fonksyone avèk pil ak pil anplis, oswa yon radyo manivèl alamen
- Rad anplis pou sezon an, soulye, linèt ak dezenfektan pou men
- Enfòmasyon pou kontakte fanmi, zanmi oswa vwazen

Tcheke **Sak Tou Pare** ou an chak 6 mwa pou verifye dat ekspirasyon yo epi ranplase atik yo si sa nesèsè



BRASLÈ ID MEDIKAL

Nan yon ijans, ID medikal ka ede travayè medikal yo konnen si ou nan dyaliz oswa si ou se yon moun ki te resevwa grèf. Enfòmasyon enpòtan sa yo ap ede pèsonèl medikal la ba ou bon jan swen epi yo kapab sove lavi ou.

Enfòmasyon Ijans sou Telefòn Mobil ou

Youn nan kote ki pi fasil ak pi pratik pou kenbe enfòmasyon ijans yo se sou smatfòn ou. Sa pèmèt sekouris yo wè enfòmasyon yo san yo pa oblije debloke telefòn ou. ID Medikal se yon fonksyon nan iPhone. Ou ka telechaje fonksyon kontak dijans sa a tou kòm yon aplikasyon pou telefòn android yo rele [ICE: In Case of Emergency \(Nan Ka Dijans\)](#). Anplis, ou ka anrejistre yon kontak yo rele "ICE" nan lis kontak sou telefòn ou. Kontak sa a gen enfòmasyon medikal ki konsène ou.

Aprè ou fin aktive Aplikasyon ID Medikal/Nan Ka Dijans lan, ou ka anrejistre enfòmasyon itil pou sekouris yo, tankou idantite ou, alèji ou fè, medikaman ou, pwoblèm medikal, sitiyasyon donatè ògàn ou, gwoup sangen, eksetera. Ou kapab anrejistre tou enfòmasyon konsènan moun pou kontakte pou ijans ou.

Konsa, avèk yon grenn klike sèlman sou ekran ou, ou gen posiblite pou voye avètisman nan tèks bay tout kontak dijans ki anrejistre sou telefòn ou ak rele sekouris yo tou san pèdi tan! Kontak ou yo ap konnen kikote ou ye epi y ap kapab ede ou!

Eksplikasyon pou Antre Enfòmasyon Dijans nan smatfòn ou:

iPhone

1. Louvri aplikasyon Apple Health lan
2. Teke sou 'Medical ID' (ID Medikal) nan kwen anba adwat epi antre enfòmasyon ou nan seksyon 'My info' (enfòmasyon mwen)
3. Klike sou 'Continue' (kontinye) epi Teke sou '[Create Medical ID](#)' (kreye ID medikal), nan pati anba a.
4. Mete tout kantite enfòmasyon ki gen rapò ak ou, epi asire ou aktive 'Show When Locked' (montre lè telefòn nan lòk) (li dwe vin vèt).
5. Asire ou afekte yon moun omwen kòm moun pou kontakte pou ou nan kadijans. Anrejistre non moun sa ansanm ak nimewo telefòn li nan aplikasyon Kontak ou pou aplikasyon Health (Sante) lan kapab mete moun lan.
6. Teke sou 'Next' (swivan), verifye enfòmasyon yo, epi klike sou 'Done' (fini) pou anrejistre enfòmasyon yo

Android

1. Tcheke reglaj (settings) telefòn ou pou wè yon fonksyon kontak dijans ki genyen nan sèten vèsyon android.
2. Si ou pa ka jwenn espas kontak dijans lan nan reglaj yo, gen anpil aplikasyon gratis ki pèmèt ajoute enfòmasyon dijans, men ou pral bezwen youn ki aksesib menmsi ekran an lòk.
3. Pa sèvi ak yon aplikasyon ki voye enfòmasyon dijans pa mwayen mesaj tèks.
4. Pou android 5.0 ak vèsyon annapre yo, aplikasyon [ICE: In Case of Emergency \(nan ka dijans\)](#) pèmèt ou anrejistre enfòmasyon enpòtan ansanm ak non e nimewo ICE yo.



Lis Kontwòl pou Ijans ak Evakyasyon

- Kenbe dosye enfòmasyon pou kontak ou avèk ou oswa nan telefòn ou.
- Planifye kijan ou pral kontakte klinik dyaliz ou an.
- Idantifye kontak 'out-of-area' (andeyò zòn) ou.
- Aktive ICE (Nan Ka dijans) oswa ID Medikal sou telefòn ou.
- Konnen ki kalite ijans ki riske rive nan zòn ou tankou inondasyon, blakawout oswa gwo move tan. Gade nan lis resous pou preparasyon pou ijans ki nan fen gid sa a pou jwenn plis enfòmasyon.
- Enskri nan Notify NYC pou jwenn enfòmasyon sou evènman ijans yo ak sèvis enpòtan Vil la.
- Fè yon plan evakyasyon pou konnen kijan pou kite zòn ou an si yo di ou fè sa.
- Fè yon kat jewografik pou wout evakyasyon ou.
- Repase opsyon transpò ou yo.
- Pataje plan ou yo avèk moun pwòch ou yo.
- Pratike plan ou avek plan ou an avèk fanmi ak zanmi ou yo



Manje ak Nitrisyon Pandan yon Ijans

Men kèk konsèy sou manje ou dwe konsève lakay ou pou prepare pou yon ijans. Si ou fè sik, ou dwe mete tou manje ki pral kenbe sik nan san ou sou kontwòl. Si ou gen yon maladi kwonik oswa pandan anpil tan (alontèm), asire ou pale sou plan manje dijans ou avèk founisè swen sante ou.

Kisa yon Pasyan Dwe Konnen sou Planifikasyon Manje pou Ijans


Enfòmasyon sou rejim alimantè sa a pa la pou ranplase dyaliz, men yo pral ede kontwole likid ak elektwolit k ap anpile nan kò ou pandan ou ap tann pou jwenn dyaliz. Li enpòtan pou ou rete an kontak avèk doktè ou oswa ekip swen sante ou pou yo ka bay machaswiv ki adapte pou ou preziman.

- Ki kantite likid mwen ta dwe bwè pa jou?
 - Limite konsomasyon likid ou a 2 tas oswa 16 ons pa jou.
 - Sa ede anpeche edèm oswa anfleman ak souf kout.
- Kisa ki konte kòm likid?
 - Likid yo gen ladan dlo, lèt, kafe, limonad, soup, krèm glase, te, ji, bwason gazez, jelatin, sòbè, glason, popsicle, poudin, yogout ak sòs.
- Kisa m dwe fè si m vin swaf?
 - Moulèn chiklèt san-sik pou ede ou sipòte swaf.
 - Itilize spre pou respire (ke ou jwenn anjeneral nan seksyon swen bouch)
 - Manje pastiy sitwon ak/oswa mant san-sik. Ou dwe itilize bagay dous tankou sirèt di pou korije sik nan san ki ba sèlman. Sinon, chwazi kalite ki san-sik yo.
- Èske gen nenpòt manje mwen dwe evite oswa limite?
 - Piga sèvi ak sèl oswa ranplasman sèl nan repa yo. Manje nouriti ki san sèl lè sa posib.
 - Evite manje ki gen anpil potasyòm tankou zaboka, fig, dat, tchips pòm detè, ji zoranj, ji tomat ak yanm.
 - Pa manje plis pase 6 a 8 ons manje ki gen anpil pwoteyin nan yon jounen. Manje sa yo gen ladan yogout, fwomaj cottage, fwomaj Swis, ze, biftèk (steak), vyann kochon, poulè, pwason ak jerky.
- Ki lòt bagay mwen dwe sonje?
 - Asire ou manje nouriti nan bwat yo nan lespas dezèdtan apre ou fin louvri yo.



MyPlate pou Manje An sante lè ou gen Maladi Kwonik nan Ren

Sodyòm Ba ▪ Potasyòm Ba ▪ Fosfò Ba



My Plate (asyèt mwen) se yon zouti pou edikasyon Depatman Agrikilti Etazini te kreye pou ankouraje konpòtman pozitif nan zafè nitrisyon ak chwa manje ki byen balanse. Moun ki gen maladi kwonik nan ren ki resevwa kèk kalite dyaliz gen bezwen eleman nitritif ki trè diferan ak konplike an konparezon ak piblik la anjeneral. Plan terapi nitrisyon ki rekòmande pou pasyan ki nan dyaliz yo gen ladan limit sou fosfò, potasyòm, sodyòm ak likid.

Ou dwe tcheke founisè swen sante ou pou konnen ki kantite ou dwe anbale pou chak jou.

Ki Fòmasyon pou Ijans Mwen Bezwen Nan men Sant dyaliz Mwen?

Sa Mwen Dwe Konnen

- **Sant dyaliz ou dwe aprann ou kijan pou ou dekonekte tèt ou pou kont ou nan machin dyaliz la san danje sizoka ta gen yon ijans oswa yon katastwòf.**
 - o Si ou konnen fason pou ou dekonekte tèt ou pou kont ou kòrèkteman pandan yon ijans, sa pral ede diminye anpil risk pou blesi, diminye risk pou enfeksyon epi asire ou kapab evakye byen vit epi san danje.
 - o Si ou pa fin konnen kisa pou ou fè, oswa kijan pou ou fè li, mande pou yo montre ou ankò.
- **Ou dwe okouran plan etablisman an genyen pou katastwòf ak kisa pou ou fè si ou bezwen evakye.**
 - o Ou dwe abitye konsènan kimoun ki responsab pandan yon ijans oswa katastwòf
 - o Pale ak sant dyaliz ou pou konnen kilè yo fè egzèsis yo
 - o Etablisman ou an dwe òganize egzèsis pou katastwòf ak dife regilyèman.
 - o Egzèsis sa yo ap ede ou konnen egzakteman kisa pou ou fè sizoka ta gen yon ijans.
- **Ou dwe konnen kilè ak nan men kimoun ou ka jwenn yon kopi preskripsyon ou.**

Kikote Mwen Ka Jwenn Enfòmasyon Mwen Bezwen yo

- **Si ou nouvo nan sant dyaliz la, ou dwe resevwa enfòmasyon ak fòmasyon nan moman admisyon ou sou fason pou byen retire tèt ou nan machin ou an sizoka ta gen yon ijans oswa katastwòf.**
 - o Yo dwe ba ou enfòmasyon sa yo nan moman admisyon ou epi ba ou yo ankò pandan egzèsis yo prevwa regilyèman yo.
- **Mande sant dyaliz ou an yon orè pou antrènman ak egzèsis yo.**
- **Menm si ou pa yon nouvo pasyan.**
 - o Li enpòtan pou ou konnen ak konprann enfòmasyon sa yo.
 - o Si ou pa fin sèten konsènan yon bagay, pa ezite – MANDE!
- Bagay ki pi enpòtan pou sonje sizoka ta gen yon ijans oswa yon katastwòf se pou ou rete kalm.

Sonje 5 K yo

Yon bon fason pou sonje sa ou dwe konnen se sonje 5 K yo: Kimoun, Kisa, Kikote, Kilè ak pou Ki rezon.

Kimoun ki dwe antrene ou?

Anplwaye dyaliz ou an.

Kisa yo dwe antrene ou pou ou fè?

Pou retire tèt ou san danje nan machin dyaliz ou an ak fason pou ou evakye san danje nan etablisman an.

Kikote ou dwe resevwa antrènman sa a?

Nan sant dyaliz ou an.

Kilè ou dwe resevwa antrènman sa a?

Nan moman admisyon ou nan etablisman an epi apre sa, chak twa mwa pandan tout ane a.

Pou Ki rezon yo dwe antrene ou?

Dekwa pou ou ka sòti nan etablisman an byen vit epi san danje sizoka ta gen yon ijans.

Lè Sant Dyaliz Ou Fèmen

- Rele ekip swen dyaliz ou an oswa nimewo telefòn etablisman ou an pou ijans pou konnen kikote ak kilè pou ou resevwa tretman.
- Si ou pa kapab rele ekip swen dyaliz ou an oswa nimewo telefòn etablisman ou an genyen pou ijans, rele etablisman bakòp ou.
- Fè fanmi ou ak moun nan kay ou konnen kikote ou pral resevwa tretman
- Kòmanse rejim alimantè Dijans 3 jou ou epi kòmanse limite likid ou ap bwè yo
- Si ou kondi pou ou ale nan tretman, genyen direksyon pou ale nan etablisman bakòp ou epi tcheke sekirite wout la
- Fè plan pou ou jwenn yon woulib pou ale nan etablisman bakòp ou
- Koute nouvell lokal ou pou jwenn enfòmasyon sou ijans lan oswa katastwòf la

Lè Ou Pa Kapab Kite Kay Ou

- Lòk fenèt ak pòt yo epi byen kachte yo
- Konsidere ijans ki genyen an prezizeman epi chwazi chanm ki gen plis sekirite nan kay ou (pa egzanp: gwo van-chanm ki gen mwens fenèt yo)
- Kenbe medikaman preskripsyon ou bò kote ou
- Kenbe yon telefòn selilè ak chajè, telefòn kay ou, ak konpitè ou ansanm avèk ou
- Genyen Sak Tou Pare pou Ijans an prè pou sizoka ou ta dwe kite kay ou

Lè Ou Oblije Kite Kay Ou

- Ale avèk Sak Tou Pare pou Ijans ou an
- Ale avèk medikaman preskripsyon ou
- Fè manm fanmi ou, moun k ap bay swen yo, ak etablisman dyaliz ou konnen kikote ou prevwa ale
- Rele etablisman dyaliz ou an pou konnen kikote ou dwe ale pou resevwa tretman
- Si ou dwe ale nan yon chèltè, fè moun ki responsab chèltè a konnen ou bezwen dyaliz

Yon Gid pou Transpò Pasyan ki nan Dyaliz Sizoka Ta Gen Yon Ijans

Sizoka ta gen yon ijans avèk avètisman alavans (pa egzanp, yon siklòn oswa tanpèt nèj), sant dyaliz ou an dwe:

- Kontakte ou, epi fè ou konnen ijans ki pral genyen an ak enpak li pral gen sou tretman ou.
- Planifye yon sesyon pi bonè pou ou nan sant dyaliz regilye ou oswa planifye pou ou resevwa tretman an nan yon lòt sant dyaliz.
- Redirije ou nan yon sant tretman dyaliz bakòp, si sa nesèsè.

Transpò Ka Gen ladan

- Veyikil pèsònèl
- Transpò piblik (otobis, tren)
- Sèvis vwati/taksi
- Access-A-Ride
- Ajans Ambulette ki gen kontra avèk sant dyaliz la



Sant dyaliz ou an ka ede ou prepare yon lòt plan transpò si kalite transpò sa yo pa disponib.

Piga Rele 911

911 se pa yon fòm transpò apwopriye pou pasyan ki rate yon tretman dyaliz sof si yo te vin gen sa ki annapre la yo:

- Yon ijans medikal tankou difikilte pou respire, yon reyaksyon alèjik, doule nan pwatrin oswa arè kadyak, anpwazonnman
- Aksidan tankou tonbe

Si Ou Rele 911

- Yon anbilans ap reponn.
 - Pèsonèl EMS avan-lopital la trete ijans yo epi yo pa bay transpò pou ale nan sant dyaliz.
- Anbilans 911 lan pral mennen ou nan lopital ki pi pre a. Ou gendwa pa kapab chwazi lopital la.
- Depi ou nan lopital la, yo ka mete ou nan saldatant lan pandan manm pèsonèl lopital la ap trete pasyan ki gen blesi ki pi grav.

Devlope yon Plan pou Transpò

Mete yon plan anplas pou pataje machin sizoka ta gen yon sispanyon transpò piblik:

- Pou pasyan ki konte sou transpò piblik anjeneral, sèvis machin oswa kamyonèt prive yo ka sèvi kòm resous pou pataje machin oswa opsyon navèt yo.
- Rele 311 pou jwenn enfòmasyon anplis sou transpò piblik.

Li enpòtan pou prepare plan pou transpò ou pou ijans ak pou ou konprann sitiyasyon kote ou dwe rele 911. Pou jwenn plis èd pou prepare yon plan pou transpò, tanpri kontakte sant dyaliz ou an.

Konklizyon

Nan ka ki pa gen anpil chans pou rive, kote gen yon ensidan nan kay ou oswa nan inite dyaliz ou, si ou pran enpe tan pou prepare ou alavans, sa ka fè yon gwo diferans ant resevwa tretman ki efikas e regilye oswa oblije ale nan sèvis dijans. Genyen yon plan, jwenn founiti, ak asire gen nitrisyon apwopriye ki disponib pandan yon ijans se kèk nan bagay ki pi enpòtan ou kapab fè kounye a. Asire ou pale avèk founisè swen ou ak anplwaye inite dyaliz ou an konsènan preparasyon ANVAN yon ijans rive.

Resous Preparasyon pou Ijans

FEMA

1-800-621-3362

ready.gov

Biwo Jesyon Ijans Eta New York (New York State Office of Emergency Management)

1-518-292-2293

nyc.gov/site/em/ready/guides-resources.page

Rezo IPRO ESRD nan New York

1-800-238-3773

esrd.ipro.org/home/emergency-information

Fondasyon Nasyonal pou Ren (National Kidney Foundation)

1-800-622-9010

kidney.org/help

Con Edison

1-800-752-6633

coned.com/customercentral/specialservices.asp#six

Lakwa Wouj Ameriken (American Red Cross)

1-877-733-2767

redcross.org/prepare/location/home-family/disabilities

ASPCA

1-888-666-2279

aspc.org/pet-care/general-pet-care/disaster-preparedness

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Center for Disease Control and Prevention)

emergency.cdc.gov/preparedness/kit/disasters

Yon Mèsi Espesyal pou

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York

Lenox Hill Hospital | Northwell Health

Memorial Sloan Kettering Cancer Center

New York City Medical Reserve Corps

Mount Sinai Kidney Center nan East River Plaza

Mount Sinai Hospital

Regional Emergency Medical Services Council of NYC (REMSCO)

Jesyon Ijans Vil New York (NYCEM, New York City Emergency Management)

Island Peer Review Organization (IPRO)

Rezo nan New York pou Maladi Ren nan Estad Tèminal (ESRD, End Stage Renal Disease)